




RÈGLEMAN AK AMERIKEN AK ANDIKAP¹ – NAN TOUT ETA A

<p>DHR-STW-Politik #: DHR-STW-201.1</p>	<p>Otorite: Amandman 2008 Ak Ameriken ak Andikap (ADA) [Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADA)]; 42 U.S.C. § 21G Ak sou Ekite Travayè Ansent [Pregnant Workers Fairness Act]; 29 U.S.C. §218d Ak sou PONP pou Manman Nouris (PUMP for Nursing Mothers Act); 19 Del. C. §§ 710, 711, 716;</p>
<p>Dat Efektif: 3 Janvyè, 2023</p>	<p>Dat Revizyon: 28 Me, 2024</p>
<p>Ranplase: 21 Mas, 2022; 28 Avril, 2021; Akomodasyon Rezonab: Gid ak Pwosedi Rekòmande (26 Okt., 2018) [Reasonable Accommodation: Guidelines and Recommended Procedures (Oct. 26, 2018)]</p>	<p>Siyati: </p>
<p>Aplikasyon: Ajans Branch Egzekitif</p>	

1. Deklarasyon Objektif Règleman

Eta a pran angajman pou l ofri akomodasyon rezonab pou anplwaye ki kalifye ki gen andikap pou asire moun ki gen andikap yo jwenn aksè konplè a opòtinite travay ekite. Règleman sa a bay pou jere akomodasyon anplwaye sa yo ki elijib dapre Tit I nan Ak 2008 Amandman Ak Ameriken ak andikap [Title I of the Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADA)].

2. Dimansyon

Règleman sa a aplike pou anplwaye Ajans Branch Egzekitif (Executive Branch Agency) ki elijib yo, entèn ki pa peye, anplwaye an koman, ak apranti, lè yo satisfè kritè ki endike nan dokiman sa a. Eta a pral travay avèk kontraktè li yo ak patwon yo pou adrese pwoblèm ki gen rapò ak règleman sa a. Ofisyèl Eli (Elected Officials) yo ak Manm Jidisyè (Judiciary Members) yo ka chwazi pou adopte ak administre règleman an nan biwo yo e ak anplwaye yo.

3. Definisyon ak Akwonim

- **Avantaj ak Privilèj Travay** – Egzanp avantaj ak privilèj travay yo enkli, men se pa sa sèlman, ke patwon sipòte: (1) fòmasyon; (2) sèvis (pa egzanp, pwogram asistans anplwaye (EAPs), kredi inyon, kafeterya, sal, jimnazyòm, oditoryòm, transpò); ak (3) fèt oswa lòt aktivite sosyal (pa egzanp, fèt k ap selebre retrèt ak anivèsè nesans, ak pwomnad konpayi).

¹ Pandan ke gwosès li menm se pa yon andikap dapre ADA a, [kèk travayèz ansent](#) ka gen youn oswa plizyè andikap ki gen rapò ak gwosès yo ki kalifye kòm yon ["andikap \(disability\)"](#) dapre ADA a.

- **Andikap** – Yon deficit fizik oswa mantal ke yo konnen ki limite anpil youn oswa plizyè gwo aktivite lavi; yon dosye sou defisit sa yo; oswa ke yo konsidere ki gen yon defisit.
- **Devwa pou Akomode de Fason Rezonab** – Sou demann yon moun ki kalifye ak yon andikap oswa lè yon andikap koni oswa evidan, ajans yo dwe angaje yo nan pwosesis dyalòg entèaktif la pou bay akomodasyon rezonab pou moun ki kalifye ki gen yon andikap pou moun nan yo ka gen opòtinite travay ekitab ak benefis ak privilèj travay. Ajans yo pa oblije retire yon fonksyon travay esansyèl kòm yon fòm aranjman rezonab.
- **Fonksyon Esansyèl** – Fonksyon esansyèl nan yon travay se de aktivite travay ki tèlman fondamantal pou pozisyon an ke moun nan pa ka fè travay la san yo pa kapab fè yo. Yon fonksyon ka "esansyèl" si, pami lòt bagay, pozisyon an egziste espesyalman pou fè fonksyon sa a, gen yon kantite limite nan anplwaye ki ta ka fè fonksyon an si yo te asiyen yo li, oswa fonksyon an espesyalize, epi responsab la anplwaye baze sou kapasite yo pou fè li.
- **Pwosesis entèaktif** – Yon koleksyon fleksib, kontinyèl de enfòmasyon. Yo itilize apwòch sa a pou evalye yon aranjman rezonab. Se yon efò kolaboratif pou diskite sou demann lan, epi tou pou idantifye solisyon akomodasyon efikas. Yon pwosesis entèaktif solid demontre bònfwè epi ankouraje yon espas travay ki inklizif pou andikap. Kominikasyon kontinyèl kapital pou pataj enfòmasyon optimal konsènan aranjman an.
- **Gwo Aktivite nan Lavi** – (1) Jeneral – yon gwo aktivite lavi gen ladann, men se pa sa sèlman, pran swen tèt ou, fè travay manyèl, wè, tandè, manje, dòmi, mache, kanpe, leve, koube, pale, respire, aprann, li, konsantre, panse, kominike, ak travay; (2) Gwo Fonksyon Kòporèl - yon gwo aktivite nan lavi gen ladan tou operasyon yon gwo fonksyon kòporèl ki gen ladan, men pa limite a, fonksyon sistèm iminitè yo, kwasans nòmal selil, fonksyon dijestif, entesten, vesi, newolojik, sèvo, respiratwa, sikilasyon, andokrin, ak repwodiktif.
- **Moun Ki Kalifye ak Andikap oswa Andikap Ki Kouvri** – yon moun ki gen yon andikap ki satisfè konpetans nesèsè a, eksperyans, edikasyon, ak lòt kondisyon ki gen rapò ak travay yo nan pozisyon travay moun sa a ranpli a, epi ki, avèk oswa san aranjman rezonab, kapab ranpli fonksyon esansyèl nan pozisyon an.
- **Akomodasyon Rezonab** – Tit I nan ADA bay akomodasyon rezonab pou anplwaye ki kalifye ki gen andikap, sof si si yo fè sa ta lakòz difikilte eksesif. An jeneral, yon akomodasyon se yon chanjman nan anviwònman travay la oswa nan fason yo konn fè bagay yo ki ta pèmèt yon moun ki gen yon andikap jwenn opòtinite travay ekitab. Akomodasyon rezonab yo ki aplike pou tout moun ki andikape yo enkli, men se pa sa sèlman, sa ki annapre yo:
 - Modifikasyon oswa ajisteman ki nesèsè pou pèmèt yon moun ki kalifye ak yon andikap ranpli fonksyon esansyèl travay la;
 - Modifikasyon oswa ajisteman ki pèmèt anplwaye ki gen andikap yo jwenn menm avantaj ak privilèj travay.
- **Difikilte Eksesif (Undue Hardship)** – Ajans yo pa oblije bay yon akomodasyon rezonab ki ta ka enpoze yon gwo difikilte sou operasyon ajans lan. Yon difikilte eksesif vle di ke yon aranjman espesifik ta mande gwo difikilte oswa depans. Detèminasyon sa a, ki dwe fèt sou yon baz ka-pa-ka, konsidere faktè tankou nati ak pri akomodasyon ki nesèsè yo, ak enpak akomodasyon an sou operasyon ajans lan yo, non sèlman nan difikilte finansye, men nan akomodasyon rezonab ki twòp, sibstansyèl, oswa deranjan, oswa sa ki ta fondamantalman chanje nati a oswa operasyon nan biznis la.

4. Règleman

- a. ADA rann li ilegal pou fè diskriminasyon nan travay kont yon anplwaye ki kalifye ki gen yon andikap.
- b. Ajans Leta a (State agency) dwe bay aranjman rezonab pou andikap fizik oswa mantal anplwaye kalifye yo, sof si ajans Eta a kapab demontre yon aranjman patikilye:
 - ta enpoze yon difikilte eksesif (undue hardship) sou operasyon an;
 - reprezante yon menas dirèk pou sante ak sekirite.²
- c. Yon anplwaye dwe kapab ranpli fonksyon esansyèl nan travay la, **avèk oswa san** yon aranjman rezonab.
- d. Ajans Leta yo dwe itilize yon pwosesis dyalòg entèaktif lè yo konfronte ak yon bezwen aranjman rezonab. Anplwaye a ak reprezantan ajans lan dwe patisipe nan yon dyalòg de bònfw, entèaktif.
- e. Chak ajans dwe deziyen yon moun pou evalye ak otorize demann pou aranjman rezonab yo.
- f. Eta a ekspreseman entèdi nenpòt fòm disiplin, reprezay, entimidasyon, oswa vanjans kont nenpòt moun ki mande yon aranjman rezonab ak bònfw oswa deske yo declare egzistans yon andikap.
- g. Tout enfòmasyon pèsònèl konsènan sante ak enfòmasyon sou konpòtman yon anplwaye konfidansyèl an akò ak [Ak 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante \[Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 \(HIPAA\)\]](#).

5. Pwosedi

- a. Chak ajans dwe deziyen yon moun pou evalye ak otorize demann pou aranjman rezonab yo. Yo pral konn moun sa a kòm Kowòdonatè ADA Ajans lan (Kowòdonatè Ajans) [Agency's ADA Coordinator (Agency Coordinator)], epi tout ajans yo dwe gen pwosedi an plas nan ka ke Kowòdonatè Ajans yo deziyen an pa disponib.
 - 1) Kowòdonatè Ajans la pral responsab pou sipèvizyon atan nesèsè pwosesis aranjman rezonab la ak asirans pou yon konklizyon apwopriye ak efikas.
 - 2) Kowòdonatè Ajans la ka kowòdone avèk Kowòdonatè ADA nan tout Eta a (Kowòdonatè Eta a) pou konsèy sou akomodasyon konplèks pou anplwaye yo.
 - 3) Kowòdonatè Ajans la dwe resevwa fòmasyon regilyèman sou ADA a ak pwosesis akomodasyon rezonab pou enkli, men pa limite a, asiste reyinyon Kowòdonatè nan tout Eta a deziyen yo, ak ale nan fòmasyon rekòmande an pèsòn ak sou entènèt ki bay pa òganizasyon ADA ki koni rejyonalman/nasyonanman yo.
 - 4) Kowòdonatè Ajans la oswa Reprezantan Ajans DHR la dwe patisipe nan oryante nouvo sipèvizè ak nouvo anplwaye yo sou règleman sa a ak pwosesis ADA ajans Eta yo.
- b. **Demand pou yon Akomodasyon Rezonab**
 - 1) Anplwaye a dwe kapab ranpli fonksyon esansyèl travay la **avèk oswa san** yon akomodasyon rezonab.
 - 2) Pwosesis akomodasyon rezonab la kòmanse lè yon anplwaye inisyè yon demand vèbalman oswa alekri bay yon sipèvizè oswa manadjè nan liy rapò anplwaye a; biwo resous imèn (human resources-HR) ajans lan; oswa Kowòdonatè ajans lan.
 - Si andikap la parèt oswa ajans lan konnen, ajans lan ka kòmanse yon pwosesis dyalòg entèaktif.
 - Yon manm fanmi, yon pwofesyonèl sante, oswa yon lòt reprezantan ka mande yon akomodasyon rezonab nan non yon moun ki gen yon andikap.

- 3) Demann lan pa bezwen sèvi ak mo espesyal, tankou "akomodasyon rezonab (reasonable accommodation)" oswa mansyone ADA. Ajans yo pa kapab mande pou yo fè demann sa yo nan yon nan yon moman presi – devwa pou bay yon akomodasyon rezonab kontinyèl.
- 4) Demann lan pa vle di ke patwon an oblije bay akomodasyon yo mande a; men tou de pati yo (anplwaye a ak ajans lan) dwe patisipe nan yon dyalòg de bònfwà entèaktif.
- 5) Yon akomodasyon rezonab se pa nesèsman akomodasyon ki pi bon oswa ki pi chè. Li se youn ki efikas epi ki pral pèmèt anlwaye a ranpli fonksyon esansyèl yo nan travay la.

c. Rekonesans Ajans ak Koleksyon Enfòmasyon

- 1) Yon dyalòg entèaktif ak anlwaye a kòmanse lè li resevwa demann vèbal oswa alekri pou yon akomodasyon rezonab.
- 2) Kowòdonatè Ajans la, avèk opinyon anlwaye a ak sipèvizè a (lè sa apwopriye), responsab pou ranpli [Fòm Demann Akomodasyon Rezonab ADA \(ADA Reasonable Accommodation Request Form\)](#) lan.
- 3) Kowòdonatè Ajans la pral konfime ak anlwaye a alekri li resevwa demann vèbal oswa alekri yo pi vit posib, men pa pita pase 10 jou ouvrab apre notifikasyon demann lan.
- 4) Si andikap la evidan e/oswa anlwaye a te deja bay Kowòdonatè Ajans lan ase dokiman sou andikap la, yo ka pa mande plis enfòmasyon medikal.
- 5) Si andikap la pa evidan, limite kesyon pou moun ki pral ede detèmine yon akomodasyon efikas ki gen rapò ak fonksyon esansyèl travay la. Li ka nesès pou kontakte pwofesyonèl swen sante anlwaye a pou resevwa plis enfòmasyon konsènan demann pou yon akomodasyon rezonab. Anlwaye a dwe ranpli [Fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Pwoteje sou Sante \(Authorization for Release of Protected Health Information Form\)](#) is to be completed by the employee. [Kesyonè Founisè Swen Sante an Repons a yon Demann Akomodasyon \(Healthcare Provider Questionnaire in Response to an Accommodation Request\)](#) an atache pou objektif sa a.
- 6) Kowòdonatè Ajans la ka mande enfòmasyon siplemantè medikal/sante konpòtmantal lè enfòmasyon yo deja soumèt yo pa ase pou dokimante akomodasyon an ak/oswa limit fonksyonèl yo anrapò ak fonksyon esansyèl travay la. Anlwaye a gen 30 jou ouvrab pou bay lòt dokiman an.
 - Si anlwaye a pa bay dokiman ki nesès yo, kote yo te byen mande yo, sa ka lakòz yo refize demann akomodasyon rezonab la.
 - Yo ka relouvri demann lan nan sikonstans apwopriye, jan sa dekri nan règleman sa a si yo bay ase enfòmasyon.
 - Tout enfòmasyon medikal/sante konpòtmantal dwe rete konfidansyèl epi konsistan avèk HIPAA.

d. Dyalòg entèaktif/Eksplorasyon Opsyon Akomodasyon

- 1) Si kondisyon anlwaye a satisfè definisyon ADA pou yon andikap, dyalòg entèaktif la kontinye ak Kowòdonatè Ajans lan ak lòt moun otorize yo ki ap diskite sou aranjman rezonab ak anlwaye a.
- 2) Sipèvizè a dwe enkli nan dyalòg entèaktif la. Si gen yon objeksyon sou patisipasyon sipèvizè a, yon manadjè nan liy rapò anlwaye a, ki abitye ak fonksyon travay esansyèl anlwaye a, dwe patisipe. Kowòdonatè Ajans la dwe kenbe kominikasyon ak biwo HR Ajans la ak lòt moun ki otorize pandan tout pwosesis dyalòg entèaktif la.
- 3) Anlwaye a, ansanm ak founisè medikal la, ta dwe bay sijesyon sou akomodasyon key o prefere a epi dekri kijan li pral ede nan ranpli fonksyon esansyèl nan travay anlwaye a. Ajans lan pa oblije bay metòd akomodasyon prefere anlwaye a men li pral konsidere akomodasyon ki sijere ak prefere yo.

- 4) Ajans lan pral kreye yon kilti ki ouvè ak konpreyansif pou kreye yon anviwonman ki an sekirite, ki bay konfyans, epi ki bay sipò pandan dyalòg entèaktif la.
- 5) Pou asire ke tout aranjman efikas yo te konsidere, Kowòdonatè Ajans lan ak lòt moun ki otorize yo dwe kontinye dyalòg entèaktif ak anplwaye a jiskaske Kowòdonatè Ajans lan konfime ak pati ki konsène yo ke aranjman an pral pèmèt anplwaye a ranpli fonksyon esansyèl nan travay la.
- 6) Koòdonatè Ajans la ak nenpòt lòt moun ki otorize dwe byen dokimante tout entèraksyon yo epi yo dwe gen ladan sa ki annapre yo: (a) limitasyon anplwaye a ki gen rapò ak travay la; (b) demann pou yon akomodasyon; (c) nenpòt aranjman altènatif konsidere; epi (d) konsiderasyon, analiz, ak rezon ajans lan pou swa akòde oswa refize chak demann akomodasyon. Yo ka itilize [Fòm Detèminasyon Akomodasyon Rezonab ADA \(ADA Reasonable Accommodation Determination Form\)](#) a pou objektif sa a.
- 7) Objektif pwosesis entèaktif la se detèmine yon rezilta pozitif pou anplwaye a ak Ajans lan, ansanm ak jwenn akomodasyon ki pi lojik, pi ekonomik pou ede anplwaye a ranpli fonksyon esansyèl yo nan travay yo.

e. Pwosesis Demann

- 1) Kominikasyon kontinyèl se kle pou pataj optimal enfòmasyon konsènan akomodasyon an.
- 2) Kowòdonatè Ajans la pral tcheke resous ki nan lis nan fen règleman sa a pou jwenn konsèy sou akomodasyon rezonab pou demann espesifik ADA yo, ki gen ladan Rezo Akomodasyon Travay (Job Accommodation Network) la.
- 3) Si gen plis pase yon opsyon, Kowòdonatè Ajans la ta dwe konsidere preferans anplwaye a. Sepandan, Kowòdonatè a ka chwazi opsyon ki pi efikas, ki pi efikas nan pri.
- 4) Yon fwa yo eksplòre opsyon akomodasyon yo, Kowòdonatè Ajans la, avèk opinyon anplwaye a ak sipèvizè ajans la, pral chwazi yon akomodasyon efikas.
- 5) Kowòdonatè Ajans la dwe enfòme anplwaye a si yo pral akòde akomodasyon an, refize, si yo te pwopoze lòt opsyon akomodasyon, oswa sitiyasyon aktyèl la, enkli bezwen plis tan ak objektif demann lan, nan 15 jou ouvrab apre li resevwa enfòmasyon medikal
 - Si gen reta, Kowòdonatè Ajans la ta dwe egzamine mezi tanporè yo ka pran pou ede moun ki gen andikap la ranpli fonksyon esansyèl travay la.
 - Si yo bezwen plis tan pou pran desizyon an, Kowòdonatè Ajans la dwe kominike reta a bay anplwaye a nan 15 jou ouvrab ak eksplikasyon rezon reta a epi endike tan ki nesèsè pou konplete akomodasyon an ak nenpòt mezi tanporè yo dwe pran. Nenpòt sikonstans atenyant oswa faktè ki pa t' kapab antisipe rezonabman oswa evite anvan demann pou akomodasyon an ta dwe enkli nan kominikasyon yo.
 - Si yo refize anplwaye a yon akomodasyon espesifik epi yo pwopoze yon akomodasyon altènatif, pwosesis entèaktif la dwe kontinye evalye kijan metòd altènatif akomodasyon an ap fonksyone. Eksplikasyon pou refi yon aranjman espesifik dwe endike tou rezon pou refi a. Eksplikasyon an ta rive jwenn anplwaye a nan 15 jou ouvrab apre desizyon an.

f. Egzekisyon yon Akomodasyon

- 1) Li ka apwopriye pou ajans lan eseye yon aranjman sou yon baz alesè pou wè si li fonksyone. Kowòdonatè Ajans la dwe mete alekri akomodasyon an (yo) aplike sou yon baz alesè, mete ladan règ yo ak kantite tan an, bay dokiman an bay anplwaye a, sipèvizè anplwaye a, epi kenbe yon kopi nan dosye medikal konfidansyèl anplwaye a.
- 2) Tou depan de akomodasyon an, li enpòtan pou asire ke ekipman yo enstale kòm sa dwa, fòmasyon apwopriye a fèt, pèsònèl ki konsène yo resevwa enfòmasyon sou nenpòt chanjman orè, epi nenpòt sèvis ekstèn bay nan yon fason rapid ak efikas.

- 3) Sipèvizè ajans la dwe kontinye dyalòg entèaktif la nan kominike ak dokimante yon aplikasyon ki reyisi, ansanm ak nenpòt chanjman oswa pwoblèm ki bezwen adrese.
- 4) Anplwaye a ka refize aksepte yon akomodasyon ki pa te mande oswa ki pa nesesè. Desizyon sa a dwe dokimante tou.

g. Kontwòl Akomodasyon an

- 1) Sipèvizè a responsab pou kontwole efikasite akomodasyon yo. Kòm yon pati nan pwosesis entèaktif la, li trè enpòtan pou sipèvizè a tcheke avèk anplwaye a, epi anplwaye a dwe fè sipèvizè a konnen ki jan akomodasyon an ap fonksyone oswa pataje ki amelyorasyon ki nesesè.
- 2) Si gen ekipman ki enplike, sipèvizè a ta dwe asire ke yo plase yon resous apwopriye pou fè antretyen ak/oswa amelyorasyon jan sa nesesè.
- 3) Se responsablite sipèvizè a pou evalye si fonksyon esansyèl travay la ap ranpli yon fason efikas ak efisyan.

h. Refize yon Demann/Ofri yon Solisyon Altènatif

- 1) Dapre ADA a, Kowòdonatè Ajans la, sipèvizè a, ak lòt moun ki otorize ka twouve li nesesè pou rejte demann orijinal yon anplwaye pou yon aranjman rezonab pou rezon sa yo:
 - Anplwaye a pa yon moun ki gen yon andikap ki kalifye. Pa egzanp, yon andikap tanporè, tankou yon bra kase, pa ase enpòtan pou konsidere kòm yon andikap ki kalifye akòz dire li ak nan ki pwen li limite yon gwo aktivite lavi.
 - Akomodasyon yo mande a ta mande pou yo retire yon fonksyon esansyèl nan travay la.
 - Anplwaye a pa kapab bay dokiman yo mande yo de yon pwofesyonèl medikal ki montre li gen yon andikap ki kalifye.
 - Demann anplwaye a pou yon akomodasyon rezonab ta enpoze yon difikilte eksèsif sou operasyon ajans lan, epi pa gen okenn akomodasyon altènatif rezonab.
 - Akomodasyon anplwaye a mande a ta reprezante yon menas dirèk pou sante oswa sekirite.
- 2) Kowòdonatè Ajans la responsab pou kontinye dyalòg entèaktif la ak eksplore akomodasyon efikas yo ka bay anplwaye a.
- 3) Yo ta dwe diskite desizyon pou aplike yon lòt akomodasyon rezonab pandan yon reyinyon dyalòg entèaktif ki vin fèt apre ant anplwaye a ak sipèvizè a pou detèmine si li pral efikas.
- 4) Yo ta dwe mete notifikasyon akomodasyon rezonab ki chwazi a alekri epi pataje ak sipèvizè anplwaye a. Yo ka itilize Fòm Detèminasyon Akomodasyon Rezonab ADA (ADA Reasonable Accommodation Determination Form) a pou dokimante tout desizyon yo.

i. Pwosesis Plent

- 1) Yon anplwaye ki deklare ke refi pou yon akomodasyon ADA baze sou lefèt ke yo se manm yon klas ki pwoteje ka chwazi pou fè apèl kont desizyon an pa soumision yon fòm plent alekri epi siyen lè l sèvi avèk pwosesis ki tabli nan [Règleman pou Espas Travay Respektive ak Anti-Diskriminasyon \(Respectful Workplace and Anti-Discrimination Policy\)](#), [Règ Merit Eta Delaware \(State of Delaware Merit Rules\)](#) ak/oswa Akò Negosyasyon Kolektif (Collective Bargaining Agreement-CBA), si sa aplikab.
- 2) Yon anplwaye ki gen yon andikap ki pretann diskriminasyon, vanjans oswa asèlman gen dwa pou depoze yon plent lè li kontakte Depatman Travay Delaware [Delaware Department of Labor (DDOL)] oswa Komisyon Opòtinite Travay Ekitab [Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)].
- 3) Patisipasyon yon anplwaye nan nenpòt pwosesis konfli/rezolasyon pa satisfè kondisyon yo oswa pwolonje delè pou pote yon reklamasyon dapre EEOC, [Règ Merit Eta Delaware \(State of Delaware Merit Rules\)](#), ak/oswa pwosedi CBA yo.

j. Konfidansyalite**Tout enfòmasyon pèsonèl yo konfidansyèl ak eksepsyon ki swiv sa yo:**

- 1) Kowòdonatè Ajans la, sipèvizè ak manadjè ki bezwen konnen yo ka enfòme sou restriksyon oswa limit ki nesèsè sou travay oswa devwa anplwaye a ak sou akomodasyon ki nesèsè (yo), ki gen ladan sa ki pou rezon sante ak sekirite yo, sou yon baz "bezwen-konnen (need-to-know)" dapre ADA a.
- 2) Yo ka avize pèsonèl premye swen ak sekirite an konfidans si andikap la ka mande tretman oswa asistans an ijans.
- 3) Yo ka bay ofisyèl gouvènman yo enfòmasyon ki nesèsè pou envestige konfòmite ak egzijans Ak Reyabilitasyon an (Rehabilitation Act), ADA a, oswa lòt lwa federal ak deta ki aplikab.
 - Yo ka divilge enfòmasyon yo, nan sèten sikonstans, bay biwo konpansasyon travayè (workers compensation offices) yo oswa konpayi asirans yo ki konfòm ak kondisyon legal yo.
 - o ka bay biwo/moun de yon ajans HR ki deziyen enfòmasyon pou kenbe dosye, evalye, epi fè rapò sou pèfòmans ajans lan nan tretman yon akomodasyon rezonab.
 - Tout enfòmasyon dwe rete nan yon dosye medical konfidansyèl separe de dosye pèsonèl anplwaye a.

6. Eksklizyon oswa Eksepsyon

- Depatman Edikasyon [Department of Education (DOE)] responsab pou devlopman règleman an konfòmite avèk Kòd Federal (Federal Code) la, Kòd Eta (State Code) ki aplikab, ak Tit 14 Kòd Delaware (Title 14 of the Delaware Code) ak règleman ki aplikab yo. Ajans la ka adopte règleman sa a oswa ranplase règleman otorize yo, rekonesans yo, ak fòmasyon pandan pwosesis Entegrasyon (Onboarding) li yo.
- Otorite Lojman Eta Delaware [Delaware State Housing Authority (DSHA)] responsab pou devlopman règleman an konfòmite ak Kòd Federal, Kòd Eta ki aplikab, ak 29 Del. C. §86 ak otorite nan 31 Del. C. § 4013. Ajans la ka adopte règleman sa a oswa ranplase règleman otorize yo, rekonesans yo, ak fòmasyon pandan pwosesis Entegrasyon (Onboarding) li yo.

7. Difizyon ak Fòmasyon

- Tout anplwaye yo responsab pou rekonèt règleman sa a nan lespas 30 jou apre notifikasyon Sant aprantisaj Delaware la [Delaware Learning Center (DLC)].
- Eta a pral bay anplwaye DHR yo fòmasyon sou *ADA Pou Fè Akomodasyon Rezonab (ADA Making Reasonable Accommodations)* pandan ane ki vin apre egzijans fòmasyon an ki an vigè 28 Avril 2021.
- Anplwaye ki garanti yo responsab pou yo ale nan fòmasyon obligatwa yo nan peryòd tan yo deziyen an.
- Anplwaye yo te anboche nan dat 29 Avril 2021, oswa apre yo dwe pran fòmasyon *ADA Pou Fè Akomodasyon Rezonab (ADA Making Reasonable Accommodations)* nan 12 mwa apre dat anplwaye a anboche.

- Yo dwe dokimante nan DLC a si w konplete fòmasyon obligatwa a ak siksè.
- Chak ajans dwe ede nan fasilite anplwaye yo respekte kondisyon sa yo.

8. Rapò Done

- Chak ajans dwe kenbe kantite akomodasyon rezonab ki fèt, ki ge ladan pri apwoksimatif pou chak akomodasyon ak yon deskripsyon chak akomodasyon, epi yo ka mande pou bay Kowòdonatè Eta (Statewide Coordinator) a enfòmasyon sa yo.
- Enfòmasyon konsènan yon akomodasyon ta dwe rete nan dosye pou 13 ane dapre kalandriye konsèvasyon Achiv Piblik Delaware – Relasyon Travay/Pratik Travay (Delaware Public Archives – Labor Relations/Employment Practices).

9. Règleman/Regilasyon/Enfòmasyon Asosye

- [Ak 1990 sou Ameriken ak Andikap, jan li te amande \(Americans with Disabilities Act of 1990, as amended\)](#)
- [Règ ak Regilasyon Pwogram Asirans Andikap \(Disability Insurance Program Rules & Regulations\)](#)
- [Ak 1993 sou Konje pou Fanmi ak Medikal, jan li te amande \(Family and Medical Leave Act of 1993, as amended\)](#)
- [Règ Elijiblite ak Enskripsyon Plan Asirans Sante Gwoup \(Group Health Insurance Plan Eligibility and Enrollment Rules\)](#)
- [Ak 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante \[Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 \(HIPAA\)\]](#)
- [Rezo Akomodasyon Travay \(Job Accommodation Network\)](#)
- [Règleman Ak sou Ekite Travayè Ansent \(Pregnant Workers Fairness Act Policy\)](#)
- [Biwo Dwa Andikap \(Office of Disability Rights\)](#)
- [Règleman Espas Travay Respektye ak anti-Diskriminasyon \(Respectful Workplace and Anti-Discrimination Policy\)](#)
- [Règ Merit Eta Delaware \(State of Delaware Merit Rules\)](#)

10. Apendis ak Fòm ki Asosye ak Règleman sa a

- [Fòm Otorizasyon ADA pou Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pwoteje \(ADA Authorization for Release of Protected Health Information Form\)](#)
- [Kesyonè ADA pou Founisè Swen Sante an Repons a Yon Demann Akomodasyon \(ADA Healthcare Provider Questionnaire in Response to An Accommodation Request\)](#)
- [Fòm Detèminasyon Akomodasyon Rezonab ADA \(ADA Reasonable Accommodation Determination Form\)](#)
- [Fòm Demann Akomodasyon Rezonab ADA \(ADA Reasonable Accommodation Request Form\)](#)

11. Pwopriyetè Règleman

- Non Divizyon: Divizyon Jesyon Talan
- Pwopriyetè politik: Kowòdonatè ADA nan tout Eta a
- Sitwèb: [DHR - Talent Management \(delaware.gov\)](https://delaware.gov)

Règleman sa a pa fèt pou kreye okenn dwa endividyèl oswa kòz aksyon ki pa deja egziste epi ki pa rekonèt dapre lwa Leta ak Federal. Si gen yon konfli ak, sa vle di, lwa a oswa regilasyon ak règleman sa a, lwa a ak/oswa regilasyon an gouvènè.